# *Адыгэбзэмк1э*
# *урок зэ1ухам и план*
# *6 класс*

Къанло Аксанэ Б.-
адыгэбзэмрэ
литературэмрэк1э
егъэджак1уэ

# Темэ: Щхьэ ц1эпапщ1эхэр, абыхэм я склоненэхэр

**Мурадыр:** **I.** щхьэ ц1эпапщ1эхэм къагъэлъагъуэм, щхьэ ц1эпапщ1эхэр щхьэк1э, падежк1э зэхъуэк1а зэрыхъум, абыхэм псалъэухам щагъэзащ1э мыхьэнэм еджак1уэхэр щыгъуазэ щ1ын;

**II.** еджак1уэхэм я бзэм зезыгъэужь лэжьыгъэхэр къэгъэсэбэпын;

**III.** щ1эныгъэ – гъэсэныгъэ зыхэлъ лэжьыгъэхэр еджак1уэхэм егъэгъэзэщ1эн.

**Къэгъэсэбэпыгъэхэр:** карточкэхэр, таблицэхэр, пхъэидзэ, к1эн джэгу (кубышкэ), къуажэхьхэр зэрылъ шар, 1уащхьэмахуэ сурэтк1э щ1ауэ, флажокхэр, къуажэхьхэр зыф1элъ жыг (дерево-загадкэ), псалъэзэблэдз, призовой саугъэтхэр.

## Урокым и ек1уэк1ык1эр:

**I. Нэхъапэм яджахэр къэпщытэжын.**

*Япэ джэгук1э:* ***«Щ1эныгэ уи1эм сыкъэщ1эж»***:

Еджак1уэхэр гупит1у гуэшащ. Зы гупым «щы1эц1э» зыф1ащащ, адрей гупым «плъыфэц1э зыф1ащащ». Урокыр ек1уэк1ыхук1э гупит1ыр зэпеуэнущ джэгук1эхэмк1э. Упщ1эхэм пэжу жэуап иратуыху еджак1уэхэм къахьынущ «фишкэ». Фишкэ нэхъыбэ дыдэ къэзыхь еджак1уэм къихьынущ саугъэт щхьэхуэ. Абы нэмыщ1к1э урокым и к1эм деж «щы1эц1э» гупми, «плъыфэц1э» гупми къахьа фишкэхэр зэхалъхьэжынурэ нэхъыбэ къэзыхьар тек1уэнущ, саугъэти къахьынущ.

1. **Орфограммэ. Словарнэ диктант**: жыгыу1у, и1ыгъыу, махуэшхуэ, хабзэф1, кърехьэл1э, кънинэу.

**2. Пунктограммэ. Творческэ диктант:**

а) Зи 1уфэ ды1ут псы ц1ык1ур къабзэт (плъ.), щ1ы1эт (плъ.).

б) «Ди щ1эблэр щ1эныгъэ куу зрагъэгъуэтыным хущ1окъу,» - жи1ащ егъэджак1уэм.

**3. Доскам щылэжьэн:**

а) фонетическэ зэпкърыхыныгъэ: уае – уа-йэ, хьэрфзешэхэр 3 (у, а, э),
хьэрф дэк1уашэхэр-0,
макъ зешэхэр 2 (а, э),
макъ дэк1уашэхэр 2 (у,й).

Ц1ык1ухэ! Ф1ыти лей къызамыхам,
Балыхьи фыхэзмыдзатэм.
Зэхэзедзэну сыкъамыгъану,
Унафэ гуэр къыстращ1ахьамтэм.

**Упщ1э:** Сыт хуэдэ усэ къагъэсэбэпа? («Нанэ») Сыт хуэдэ хьэрф тхьэусыхэр, щ1этхьэусыхэр сыт? («у»)

б) псалъэр зэрызэхэтк1э зэпкърыхын: сахуэгуф1ащ,
иревгъэткъым.

в) псалъэухар пкъыгъуэк1э зэпкърыхын: 1уащхьэмахуэ Европэм щы1э бгыхэм я нэхъ инщ.

Ет1уанэ джэгук1э: ***«1уащхьэмахуэ и щхьэщыгу хэт япэ нэмысрэ?»***

1.1уащхьэмахуэ хэт тхутепсэлъыхьын? 2.1уащхьэмахуэ теухуауэ хэт усэ къеджэн? 3. 1уащхьэмахуэ и щыгум хэту п1эрэ япэ дыдэ дэк1ар?

Фэ гупит1ым яз дэтхэнэр нобэ япэу 1уащхьэмахуэ и щыгум нэсыныр? Къэтщ1энщ ар мы джэгук1эмк1э. Жэуапыр пэжмэ, ныпыр дгъэ1эпхъуэурэ 1ащхьэмахуэ и щыгум дыдок1.

**1уащхьэмахуэ**

Хэт ди Хэкур зымыц1ыхур,
И дахагъэри хэт зымыщ1эр!
Щэхэу,минхэу къак1уэ ц1ыхухэр,
Щ1охъуэпс щахьын мыбы гъащ1эр.
Щ1эсщ ди Хэкур Кавказ жьэгъум,
1уащхьэмахуэ къыщхьэщыту.
Игу къонэжыр ар залъагъум,
Сурэт хуэдэу и нэгу щ1эту.
Акъылщ, л1ыгъэщ зэрыпак1уэр,
Ахэр езым къыдалъхуащ.
Л1ы жыхуа1эщ и лэжьак1уэр,
Ялъэгуакъым хуэмыхуауэ.

**Лъагъуныгъэ**

Щы1эщ ину лъагъуныгъэ
Гуры псэк1э зыхузи1э,
Си Хэку инырщ зи гугъу пхуэсщ1ыр
Аращ зыми сэ пэзмыщ1ыр.
Ф1ыгъуэ псори уэращ зэжьэр
Мамыр гъащ1эм къыхалъхуа!
Ди зэманыр уэ пхуолажьэр
Уи гъуэгу нэхур зэ1ухащ.
Космос жыжьэр уэращ зэжьэр
Щ1ыщ1э хуитхэр къыпхуозэш,
Ди ц1ыхубэр уэращ зэджэр
Гъащ1эм гъуэгур хухыбош.

**4. Словарно - фразеологическэ лэжьыгъэ.**

Фразеологическэ оборотхэм я мыхьэнэр къыжы1эн:

а) Сэлэтхэр 1эплъэпх ящ1ат. (зэк1уэц1ыпхат)

б) Зэхуэсым зи лъэ вакъэ изылъхьэр къэк1уат. (псори)

в) Езы бажэр бгъуэтмэ къащтэ. (щытыжтэкъым)

г) Усэ сыкъеджэну си нэ къок1. (сыщ1охъуэпс)

д) щыуагъэр щызэхихым адэр къилъащ. (губжьауэ псэлъащ)

ж) т1асхъэщ1эхыр бийм я 1эмыщ1э ихуат. (я1эрыхьат)

**5. Лексическэ лэжьыгъэ.**

Псалъэхэм синоним къахуэхьын:

а) хьэлэмэт – гъэщ1эгъуэн, телъыджэ;

б) губзыгъэ – 1ущ, акъылыф1э;

Псалъэхэм омоним къахуэхьын:

а) сэ, дэ; сэ – япэ щхьэ, сэ – хэ зэрыпаупщ1;
дэ – щхьэ ц1эпапщ1э, дэ- къэк1ыгъэ, дэ жыг;

б) уэ, фэ; уэ – щхьэ ц1эпапщ1э, уэ – уэ уэшхым щ1эту къешхыр;
фэ – щхьэ ц1эпапщ1э, фэ – псэущхьэм и фэ.

Псалъэхэм антоним къахуэхьын:

а) жэщ – махуэ, п1ащ1э – 1ув, ин – ц1ык1у;

б) зауэ – мамырыгъэ, хуабэ – щ1ы1э, хужь – ф1ыц1э.

**II. Унэ лэжьыгъэр къэпщытэжын.**

Ещанэ джэгук1э: ***«Сэ сы зи щхьэ хущытщ, щхьэ куэди спытщ,***

***Куэдым и п1эк1э сыжа1э, щытык1э куэди къысхужа1э».***

**1)** Адыгэбзэм и псалъэ лъэпкъыгъуэхэр дапщэ хъурэ?

10 – щы1эц1э, ц1эпапщ1э, плъыфэц1э, бжыгъэц1э, глагол, наречие, союз, частицэ, междометие, послелог.

**2)** Ахэр сыт хуэдэу игуэшрэ?

Зи щхьэ хущытрэ, зи щхьэ хущымытрэ.

**3)** Сыт зи щхьэ хущыт жи1эмэ къик1ыр?

Зи щхьэ хущытхэр (щы1эц1э, плъыфэц1э, ц1эпапщ1э, бжыгъэц1э,глагол, наречие) – зы упщ1э гуэрым жэуап хуохъу.

**4)** Зи щхьэ хущымытхэр – щэ?

Ахэр – союз, частицэ, междометие, послелогхэр – упщ1э гуэрым жэуап хуэхъукъым, псалъэухами пкъыгъуэк1э хэувэркъым.

**5)** Зэрыжыф1ащи, ц1эпапщ1эхэр зи щхьэ хущыт псалъэ лъэпкъыгъуэхэм ящыщщ. Сыт - т1э абы и мыхьэнэр?

Ц1эпапщ1эхэм къагъэлъагъуэ предмет, щхьэ. Ахэр псалъэ лъэпкъыгъуэхэм я п1эк1э къок1уэ. Ц1эпапщ1эхэр адрейхэм къащхьэщок1 псоми бгъэдэпхьэ, псоми хуэпхь мыхьэнэ зэри1эмк1э.

**6)** Щапхъэ къэфхь.

Сэ, фэ, абыхэм, апхуэдэ, мыр, сысей, мыпхуэдэщ.

**7)** Псалъэухам сыт хуэдэ пкъыгъуэу хэувэрэ ц1эпапщ1эр?

Пкъыгъуэ псомк1и хоувэ (подлежащэ, сказуемэ, дополненэ, определенэ, обстоятельствэ).

- Подлежащэу: Ар мэжей. Сэ соджэгу.
- Сказуемэу: Классым къыщ1ыхьар дэращ. Усэм къеджар уэрат.
- Дополненэу: Си анэр абы йопсалъэ. Ар абы къыхуеджащ.
- Определенэу: Мо бжэныр цыф1эщ. Мы щ1алэр трактористщ.
- Обстоятельствэу: Мыбы сэ сыщолажьэ. Мыбдеж куэдрэ сыщытащ.

**8)** Унэ тхыгъ-лэжьыгъэр къэпщытэн.

Ц1эпапщ1э зыхэт псалъэжь ятхахэм къегъэджэн.

**Щы1эц1э гупым:**

**а)** Уи адэр ф1амэ, уэ уи щытхъукъым,

Къуэф1 уп1амэ къыпщытхъунщ.

**б)** Ар зыхыхьа псы жэбзэнкъым.

**в)** Уэ умыдэнур нэгъуэщ1ым йомыщ1э.

**г)** Зы дэк1э уигу сыкъэк1и, арии кунэфу къыщ1ыук1.

**д)** Уэ ущик1ым сэ сыкъик1ыжырт.

**ж)** Псори арэзы зыщ1а щы1экъым.

**Плъыфэц1э гупым:**

**а)** Уэ бгъал1эри л1эркъым, уэ бгъатхъэри тхъэркъым.

**б)** Сэр нэхъыф1 умыгъуэтмэ, сыкъэщтэж.

**в)** Уэ ухьэлэмэ, сэ сыумэщ.

**г)** Зыгуэр щыжа1эм, зыгуэр щыщы1эщ.

**д)** Делэм сэ сыф1ок1, губзыгъэр езыр къысф1ок1.

**ж)** Мащ1эм зытебгъэгусэмэ, ари къыплъысынукъым.

**III. Ц1эпапщ1э зыхэт къуажэхьхэр къегъэщ1эн.**

Епл1анэ джэгук1э: ***«Шар.»***

Жыгым ф1элъ шарыр къагъауэурэ абы къик1 къуажэхьхэр гупит1ым гъурыгъуурэ къегъэщ1эн.

1. Уэри уи1эщ, сэри си1эщ, зимы1э щы1экъым. (жьэ)
2. Нап1эрыдз, 1эрыдзэн, уеуэ пэтми, ар мыуз. (топ)
3. Уэри сэри къэзмыгъэшу, тхьэр зи къаным къигъэша. (т1ыбжьэ)
4. Деплъмэ дэ тхуэдэщ, дауэ зытщ1ми зыкъытпещ1ыж. (гъуджэ)
5. Уэ нэхърэ нэхъ к1ыхь, сэ нэхърэ нэхъ к1ыхь, пабжьэм къыхэмыщ. (гъуэгу)
6. Псори дызыгъашхэу, шхалъэм дэпк1эж. (бжэмышх)

**IV. Доскам ит лэжьыгъэр гъэзэщ1эн.**

Псалъэхэм хэт ц1эпапщ1эхэр зи п1эк1э къак1уэ псалъэ лъэпкъыгъуэхэр къыжы1эн ик1и тхын.

1. Ф1ыуэ абы щ1эпщэ, мыунк1ыфын папщ1э. (маф1э) – щы1эц1э
2. Кхъухьлъатэр апхуэдэу мэлъэтэф. (лъагэу) – плъыфэц1э
3. Мыбы мыр халъхьэмэ, къыщ1идзыр пц1ыщ. (тхум тху) – бжыгъэц1э

**V. Темэщ1э етын.**

**1.** Ц1эпапщ1эр сытк1э зэхъуэк1а хъурэ?

Щхьэк1э, бжыгъэк1э, падежк1э.

**2.** Ц1ык1ухэ! Нобэ дызыхыхьэ темэщ1эр щхьэ ц1эпапщ1эхэмрэ, абыхэм я склоненэмрэщ. Доскам ф1элъ таблицэм феплъ.

| **закъуэ бжыгъэ** | **куэд бжыгъэ** |
|---|---|
| **I щхьэ -сэ,** | **I щхьэ -дэ,** |
| **II щхьэ -уэ,** | **II щхьэ -фэ,** |
| **III щхьэ -ар, -абы.** | **III щхьэ -ахэр, -абыхэм.** |

Ц1эпапщ1эр щхьэк1э, бжыгъэк1э зэхъуэк1а мэхъу: I щхьэ сэ, дэ-хэм къагъэлъагъуэ псалъэр жызы1эр; II щхьэ уэ, фэ-хэм къагъэлъагъуэ псалъэр зыжра1эр; III щхьэ ар, абыхэм къагъэлъагъуэ псалъэр зыхужа1эр.

Доскам итщ щапхъэ:

- Сэ Щоджэнц1ык1у Алий и «Хьэжыгъэ пут закъуэ» рассказым сыкъеджащ. (жызы1эр къегъэлъагъуэ)
- Уэ «Си бзэ, си псэ, си дуней» фестивалым жыджэру ухэтащ. (зыжра1эр къегъэлъагъуэ)
- Ар мамырыгъэр хъумэным хущ1окъу. (зыхужа1эр къегъэлъагъуэ)

Еджак1уэхэм щапхъэу псалъэуха къахь ц1эпапщ1э хэту ик1и къыжа1э ц1эпапщ1ээм къигъэлъагъуэр. Таблицэмрэ, доскам ит псалъэухахэмрэ еджак1уэхэм я тетрадым иратхэ, адыгэ мэкъамэ щэхуу еда1уэурэ.

**VI. Псалъэзэблэдз.**

Етхуанэ джэгук1э: ***«Къащ1эрей и къуажэхьхэр».***

Псалъэзэблэдзым итын хуей псалъэхэр къуажэхьк1эрэ къегъэщ1эн.

1. Зи к1эр дыкъуакъуэу, бгыкъур зи унап1э.(пц1ащхъуэ)
2. Зи к1эр зылъэфу, зи фэр зи бий. (бажэ)
3. Зи пкъыр щ1ым хэлъу, зи щхьэцыр дунейм телъ. (пхъы)
4. К1урэ к1урэ бэлацэ, зи щ1ыб бацэр темык1. (бабыщ)
5. Нэ куэд зи1эу, нэху зымылъагъу. (1эпхъуалъэ)
6. Топщи мэджэрэз, имы1эхэ нэз, Дуней псор егъашхэ, езыр т1ысу мышхэ. (щ1ы)
7. Бынып зыгъэгуф1эу, маф1эр зыгъэунк1ыф1. (тебэ)

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | **п** | **Ц1** | **а** | **щ** | **хъу** | **э** |
| **б** | **а** | **ж** | **э** | | | | |
| | | | **п** | **хъ** | **ы** | | |
| | | **б** | **а** | **б** | **ы** | **щ** | |
| | **1** | **э** | **п** | **хъу** | **а** | **лъ** | **э** |
| | | | **щ1** | **ы** | | | |
| **т** | **е** | **б** | **э** | | | | |

**VII. Лэжьыгъэ 105 тхыгъэк1э гъэзэщ1эн.**

**VIII. «Фщ1эуэ п1эрэ?»**

Еханэ джэгук1э: «***Упщ1э щ1эщхъукъым, щ1эщхъу щ1энэркъым»***

«Фщ1эуэ п1эрэ?» старт финиш зи1э джэгук1эр егъэк1уэк1ын. Япэ щ1ык1э к1эныр тыбодзэри бжыгъэ къытредзэ, жыгым уф1о1эбэри фишкэ

къыф1ыбох. Абы ит упщ1эм жэуап ептмэ, к1эным къытридзэ бжыгъэм хуэдизк1э гъуэгум утету уок1уатэ, упщ1эм жэуап йомытмэ, уи щытып1эм деж укъонэж. А гъуэгум ущрихьэл1энущ псалъэжь жып1эн, усэ укъеджэн, псынщ1эрыпсалъэ жып1эн хуейуэ. Ущык1уэк1э щыхуп1эм уехуэхынк1и, къэбгъэзэжынк1и хъунущ. Апхуэдэурэ япэ фишкэм нэс гупыр тек1уэнущ мы джэгук1эм.

**Упщ1эхэр:**

1. Сыт нартыхум, сэхураным, бжьэхуцым хэту гуэдзым, к1эрт1офым, хьэм хэмытыр? (макъ <u>ху</u>)
2. Сыт нэхъ 1эф1 дыдэр ик1и нэхъ дыджыр? (бзэ)
3. Сыт нэхъ Жан ик1и нэхъ жэр? (гу)
4. Сыт хуэдэ къэрал ди щхьэм ф1элъу къэтк1ухьыр? (Понамэ)
5. Сыт дунейм бзэуэ тетымк1э псэлъэфыр? (джэрпэджэж)
6. Сыт хуэдэ къалэ лъэтэфыр? (Орёл)
7. Псэущхьэ къэзылъэтыхьхэм я нэхъ бзаджэ дыдэм и ц1эр ди тхак1уэхэм ящыщ зым и унэц1эщ. Хэту п1эрэ ар? (Къашыргъэ Хьэпащ1э)
8. Сыт хуэдэ бзу нэхъ ц1ык1у дыдэу дунейм тетыр? (калибри)
9. Сыт хуэдэ жыг нэхъыбэ дыдэрэ дунейм тетыр? (дуб - илъэс 500)
10. Сыт хуэдэ псэущхьэ гъащ1э нэхъ к1ыхь дыдэ зи1эр? (черепахэ–илъэс300)
11. Ди Къэбэрдейм хыхьэ сыт хуэдэ къуажэ нэхъ ц1э дахэ дыдэ зи1эр? (Псынэдахэ)
12. Сыт хуэдэ псалъэ хьэрфипл1 хъууэ щы1э, хьэрфищыр зэтехуэу? (тетт, щыщщ)
13. Сыт хуэдэ тхылъ нэхъ ин дыдэу дунейм тетыр? Ик1и дэнэ ар здэщы1эр? (Ар географическэ атласщ, илъэс щищрэ-тхущ1рэ и пэк1э ящ1ауэ, килограмм щит1рэ-тхущ1рэ мэхъу, Германием щахъумэ)
14. Сыт хуэдэ тхылъ нэхъ ц1ык1у дыдэу щы1эр, здэщы1эри сыт хуэдэ къэрал? (Ар усэ зэрыт сборникщ. Езым и бгъуагъы милиметрипл1, и к1ыхьагъыр милиметрий, и 1увагъыр милиметрэ хъууэ аращ. Японием щахъумэ)

**Псынщ1эрыпсалъэхэр:**

1. Пхъэр сошэ, пхъыр сошх.

**2.** Лэныстэ, мастэ; къэбыстэ, п1астэ.

**3.** Псынэ псыпс, псейм я псей.

**4.** Е семышу сезэша, е сешауэ сезэша.

**Усэхэр:**

**1.** Адыгэбзэм, Хэкум, адэ-анэм теухуауэ.

**2.** Лэжьыгъэм теухуауэ.

**Псалъэжьхэр:**

**1.** Хабзэм, нэмысым, лэжьыгъэм, хьэл-щэным теухуауэ.

**IX. Унэ лэжьыгъэр етын.**

**1.** Щхьэ ц1эпапщ1эхэр, абыхэм я склоненэр зэгъэщ1эн.

**2.** Лэжьыгъэ 106-р тхыгъэк1э гъэзэщ1эн.

**X. Оценкэхэр гъэувын.**

**1.** Фишкэхэр бжауэ нэхъыбэ дыдэ зи1э еджак1уэм саугъэт етын, «тху» хуэгъэувын.

**2.** «щы1эц1э» гупми, «плъыфэц1э» гупми я фишкэхэр бжауэ нэхъыбэ фишкэ къэзыхьа гупым япэ увып1эмрэ саугъэтхэмрэ етын, «тху» яхуэгъэувын. Ар «плъыфэц1эхэращ». «Щы1эц1э» гупми саугъэт етын, «тху», «пл1ы» яхуэгъэувын.